


La Bib pou ti moun  
présenté



Syèl la,  
Bèl wayòm  
Bondye-a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Lazarus  
Alastair Paterson

Adapté pa : Sarah S.

Tradwi pa : Christine Pierre-Lhermite

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2020 Bible for Children, Inc.


Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Lè Jezi te sou tè-a, Li pale  
disip Li yo o sijè de syèl  
la. Li rele syèl la "wayòm  
Papa-m" e Li di yo ke gen  
anpil kay nan wayòm nan.  
Syèl la pi gran e li pi  
bèl pase nenpòt ki  
peyi sou tè-a.



Jezi di konsa "mwen pral prepare yon plas pou nou. Kidonk, si mwen pral prepare yon plas pou nou, sa vle di ke mwen pral retounen vin chache nou pèsonèlman pou mwen mennen nou nan kote sa". Jezi monte nan syèl la apre ke Li te fin resisite. Pandan disip Li yo tap gade, Jezi leve anlè e yon nyaj kouvri Li.






Depi lè sa, tout kretyen ap viv ak pwomès  
Jezi te fè-a, ke Lap retounen vin chache  
nou. Jezi di ke Lap vini pa sipriz, nan  
moman pèsonn plis pa atann Li.

Sèlman atò, ki sa kap rive  
kretyen ki gentan mouri  
anvan jou sa ? Labib di  
ke yo pral dirèkteman  
nan syèl la ak Jezi.


**PREZAN NAN  
PYE BONDYE**



Liv Revelasyon an ki se dènye liv nan Bib la, esplike nou kijan wayòm Bondye-a espesyal. Sa ki pi mèveye au sijè de syèl la, sè ke li se wayòm Bondye. Bondye tout kote, men sèlman, twòn Li se nan syèl la li ye.



Zanj yo ak tout lòt abitan  
syèl la toujou ap chante Iwanj  
pou Bondye nan syèl la. Tout  
pitit Bondye ki monte nan  
syèl la déjà, yo toujou ap  
chante Iwanj espesyal  
pou Bondye.



Men kèk pawòl nan Iwanj yap chante yo:  
"WI OU MERITE TOUT GLWA, POUTÈT  
OU TE RACHTE LÒM AK SAN  
OU POU L'ETÈNEL, MOUN  
TOUT RAS AK TOUT  
NASYON, TOUT KALITE  
LANG, TOUT  
PÈP AK  
TOUT  
PEYI, ...




... OU OFRI NOU BAY BONDYE,  
OU FÈ NOU TOUNEN SITWAYEN  
YON SÈL NASYON KI SE  
WAYÒM BONDYE-A E OU  
FÈ ANPIL LADAN YO,  
TOUNEN PREDIKATÈ  
POU SÈVI  
L'ETÈNEL".

(Rev 5:9)




Dènye chapit nan Bib la dekri Paradi-a yon fason espesyal e li di ke Paradi-a se yon peyi ki sen e ki rele "Nouvèl Jerizalèm". Wayòm Bondye sa gwo anpil e li antoure toupatou ak yon miray men wotè ki


fèt  
ak yon  
roch ki  
presye  
anpil e  
ki klere  
tankou  
Kristal.




Fondasyon miray sa kouvri ak tout kalite pyè presye tout koulè tankou sa yo fè bijou yo. Wayòm sa-a gen douz pòt e chak pòt sa yo fèt ak yon gwo grenn pèl presye !




Bèl pòt sa yo ki gen tout kò yo fèt ak pèl presye sa yo pa janm fèmen. An nou fè yon ti antre ladanl pou nou gade... mezanni a la bel ! Andedan Paradi sa pi bel toujou. Tout lavil la fèt ak lò ki tou pi et ki klere tankou vè kristal. A ta lari yo fèt ak lò.




Yon mayifik larivyè dlo klè ki bay lavi, ap koule soti anba fotèy twòn Bonbye ak Jezi. sou chak arebò larivyè sa ansanm ak nan mitan plas lavil la, gen yon kalite pyebwa ki bay lavi. Pye bwa sa donnen douz fwa pa ane kidonk li bay fwi chak mwa. Tout fèy pye bwa sa bon pou gueri tout kalite maladi nan tout nasyon.



Wayòm sa pa bezwen ni solèy ni lalin pou klere-l  
paske limyè glwa Bondye kouvri tout wayòm nan e  
lannwit pap janm ekzizte ladan-l.




A ta bêt ki nan wayòm sa ap diferan. Yo tout ap dou, mouton ansanm ak gwo lou yo pral manje kòt a kòt. A ta gwo lyon yo pral manje zèb tankou bèf yo. Bondye di konsa: "yo pap fè mal ankò e yo pap detwi montay sakre-a".




Si nou gade byen, nou wè gen kèlke bagay ki pa ekziste nan wayòm sa. Nou pap janm tande pawòl ki sal, ki mechan.

Pap janm gen  
goumen ak  
moun  
egoyis  
ladan-l.




Pap janm gen kle nan pòt, paske pap janm gen vòlè.  
Pap janm ekziste moun kap bay manti, kap touye, kap  
fè move zak, kap sèvi  
Iwa, pèsonn  
pap janm  
fè peche.




Nan wayòm Bondye-a pap janm gen chagren ak dlo nan je. Anpil fwa, pitit Bondye sou tè-a gen dlo nan je paske pwoblèm ap toumante lavi yo. Men nan syèl la Bondye ap seche tout dlo nan je.



Lanmò pap janm ekziste tou nan wayòm sa. Pèp Bondye-a pral viv avè-L pou tout tan. Pap gen chagren, ni lapenn, ni maladi, ni separasyon, ni anteman. Tout moun nan wayòm sa ap toujou gen kè kontan.



Sa ki pi bèl toujou, sè ke wayòm  
Bondye-a pou tout fi ak gason,  
grammoun kou timoun ki te fè chwa  
pou yo aksepte Jezi kòm senyè e  
sovè pèsonel yo e ki te obeyi Li.



Bondye gen yon liv nan syèl la ki  
rele liv lavi Mouton Bondye-a. Liv  
sa plen ak lis non moun. Eske ou  
konnen kilès non moun ki ekri nan  
liv sa ? se non tout moun ki te  
aksepte kwè nan Jezi-Kri. Eske  
non pa ou ekri nan liv sa tou ?



Dènye chapit nan Labib-la, se yon bél envitasyon  
Bondye fè nou, pou nou ta chwazi mache avè-L.



Bondye di konsa : "Mwen se kòmansman e mwen se finisman. Tande vwa mwen kap rele-w, vin jwenn Mwen. Si yon moun swaf, map ba li bwè gratis nan sous dlo ki bay lavi-a."



Syèl la, Bèl wayòm Bondye-a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Jan 14, 2 Korentyen 5,  
Revelasyon 4, 21, 22

"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130





Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvéné Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n ptit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résisé priyè sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé ptit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon novo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'étènité. Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké ptit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

